

Nimewo 17

DEKRÈ EGZEKITIF

Egzije Adopsyon Vyolans ki Baze sou Sèks ak Politik nan Espas Travay yo.

LÈ NOU KONSIDERE, vyolans ki baze sou sèks se yon gwo enkyetid politik piblik pou Eta New York, ki egzije patisipasyon Eta a nan repons kowòdone kominotè a pou sipòte viktim yo ak sivivan yo epi rann abizè yo responsab;

LÈ NOU KONSIDERE, vyolans ki baze sou sèks anvayi lavi ak konpwomèt sekirite plizyè milye Nouyòkè chak jou, ak rezilta trajik, destriktif, e pafwa fatal; ak

LÈ NOU KONSIDERE, vyolans ki baze sou sèksse yon pwoblèm kominotè ki pwopaje toupatou ki afekte plizyè milye Nouyòkè, enkli nan espas travay la;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York, antanke anplwayè, afekte anplis pa vyolans ki baze sou sèks, ki konpwomèt akafwa sekirite viktim yo ak kolèg travay, epi lakoz pèt nan pwodiktivite, ogmantasyon depans swen sante, ogmantasyon absans ak ogmantasyon woulman anplwaye yo;

LÈ NOU KONSIDERE, yon repons pwo-aktif sou vyolans ki baze sou sèks pa Eta New York kapab sèvi kòm modèl tou pou lòt anplwayè nan eta a;

LÈ NOU KONSIDERE, nan ane 2008, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la te fòme yon règleman modèl revize nan espas travay pou ajans eta yo adrese vyolans domestik; ak

LÈ NOU KONSIDERE New York pran angajman pou li ranfòse ak bati sou modèl politik sa a;

KOUNYE A, ANKONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

1. OPDV pral revize Modèl Vyolans Domestik la ak Politik nan Espas Travay la epi fòmile nenpòt revizyon apwopriye nan règleman sa a pou kreye yon Modèl Vyolans ki Baze sou Sèks ak Politik nan Espas Travay la, ki pral ranfòse pwosedi Eta New York pou abòde vyolans domestik epi enkli lòt fòm vyolans ki baze sou sèks, ki gen ladann asèlman ak agresyon seksyèl. OPDV dwe fòmile tou echantiyon pwosedi alekri pou egzekisyon Modèl Vyolans ki baze sou Sèks ak Politik nan Espas Travay la.
2. OPDV dwe distribye Modèl Vyolans ki Baze sou Sèks ak Politik nan Espas Travay ki revize, ansanm ak pwosedi aplikasyon echantiyon yo, bay chak ajans eta pa pita pase sis mwa apati dat enskripsyon dekrè sa a. Nan objektif dekrè sa a, "ajans eta" vle di: (1)

nenpòt ajans eta, depatman, biwo, konsèy, komisyon oswa lòt enstriman eta a; epi (2) nenpòt otorite piblik oswa sosyete enterè piblik ki te kreye pa oswa ki egziste anba nenpòt lwa Eta a, omwen youn nan manm ki nonmen pa Gouvènè a (ki gen ladan nenpòt filyal otorite piblik oswa sosyete enterè piblik sa a), ki pa yon otorite entè-eta oswa otorite entènasyonal oswa sosyete enterè piblik.

3. Chak ajans eta a, pa pita pase 1e janvye 2023, dwe fòmè epi pibliye yon politik Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay pou ajans sa a. Nan fòmè politik sa yo, ajans eta a (a) dwe fè referans ak Modèl Vyolans ki Baze sou Sèks ak Politik sou Espas Travay la distribye pa OPDV, epi adopte dispozisyon li yo jan sa apwopriye; (b) ka kontakte OPDV pou asistans; (c) dwe deziyen omwen yon Lyezon Ajans Vyolans Domestik (Domestic Violence Agency Liaison, DVAL) ki dwe asire ke Ajans lan respekte dispozisyon sou vyolans domestik politik Vyolans ki Baze sou Sèks nan Espas Travay la, dwe resevwa fòmasyon pou ede anplwaye viktim yo, epi sèvi kòm kontak prensipal pou OPDV epi yo (d) ta dwe kolabore yon fason apwopriye avèk pati ki enterese yo, ki gen ladan reprezantan sendika yo nan nan nivo lokal ak nan tout eta a.
4. Chak ajans eta a, nan fòmè politik Vyolans ki Baze sou Sèks li yo ak nan Espas Travay la, dwe konsidere enpòtans pou ogmante konsyantizasyon sou vyolans ki baze sou sèks epi enfòmè anplwaye yo sou resous ki disponib pou asistans; presize akèl kijan pou rive jwenn ajans DVAL la; asire ke règleman ak pwosedi pèsònèl yo jis pou viktim vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks ak sivivan yo, epi reponn a bezwen yo; devlope plan repons sekirite nan espas travay; konfòmè yo ak lwa Eta ak lwa federal ki gen ladan restriksyon sou posesyon zam afe pa yon moun ki kondane pou yon krim ki gen rapò ak vyolans domestik oswa ki sijè a yon dekrè pwoteksyon; ankouraje ak pwomote edikasyon ak fòmasyon sou vyolans ki baze sou sèks pou anplwaye yo; epi rann anplwaye yo responsab ki mal sèvi ak resous oswa otorite eta yo oswa ki vyole devwa travay yo lè yo komèt yon zak vyolans ki baze sou sèks.
5. Chak ajans eta a, lè li pibliye politik Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay li a, dwe bay OPDV yon kopi politik sa a ak enfòmasyon pou Lyezon Ajans Vyolans Domestik li deziyen an, epi li dwe fè OPDV konnen nenpòt modifikasyon ki vin apre nan politik la oswa enfòmasyon kontak pou DVAL la.
6. Fòmasyon sou Vyolans ki Baze sou Sèks ak Nan Espas Travay la. Chak Anplwaye Kouvri dwe patisipe nan yon fòmasyon sou Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay la ke OPDV devlope epi ki disponib nan Sistèm Jesyon Aprantisaj nan Tout Eta a chak ane. Yo pral prepare ak rann disponib pwogram fòmasyon sou Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay la pa pita pase 1e oktòb 2022. "Anplwaye ki kouvri" vle di tout ofisye ak anplwaye yo k ap travay nan Chanm Egzekitif la nan Biwo Gouvènè a ak ajans Eta New York ki sipèvize lòt ofisye ak anplwaye yo, ki sèvi kòm DVAL, oswa ki travay nan yon pozisyon resous zimèn. "Ofisye oswa anplwaye yo" dwe gen siyifikasyon yo bay pou "ofisye oswa anplwaye" nan Seksyon 73 Lwa sou Fonksyonè Piblik la.
7. OPDV dwe:
 - a. bay chak ajans eta konsiltasyon ak asistans teknik nan devlopman ak aplikasyon politik Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay li a, swa sou demann ajans lan oswa sou inisyativ OPDV;
 - b. resevwa epi kenbe kopi politik Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay la jan divès ajans eta yo pibliye epi modifeye;
 - c. kolabore ak pèsònèl sipèvizyon, pwofesyonèl asistans anplwaye yo, pèsònèl resous zimèn yo, ajans fòs lòd yo, sendika yo, ak anplwaye sekirite nan konsepsyon ak devlopman fòmasyon ak materyèl yo;
 - d. prepare epi soumèt bay Gouvènè a, pa pita ke 1e me 2023, yon rapò konsènan aplikasyon dekrè sa a; epi

e. notifiye lidèchip egzekitif chak ajans eta lè yo aprann nenpòt echèk DVAL ajans eta sa a pou satisfè egzijans wòl DVAL la jan sa endike nan Dekrè Egzekitif sa a yon fason adekwa.

8. Chak ajans eta a dwe kolabore ak OPDV epi bay enfòmasyon, rapò, ak asistans jan OPDV detèmine ki nesesè yon fason rezonab pou akonpli objektif dekrè sa a.

Dekrè Egzekitif sa a pral revoke epi ranplase Dekrè Egzekitif 19 ki te pibliye 22 oktòb 2007 la; depike, sepandan, jiska moman jan chak ajans eta adopte yon Politik Vyolans ki Baze sou Sèks ak nan Espas Travay la dapre dekrè sa a, ajans eta a dwe kenbe politik Vyolans Domestik ak nan Espas Travay la dapre Dekrè Egzekitif 19 la.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta
a nan Vil Albany nan
ventuityèm jou mwa avril
nan ane de mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a